

Chè Paran/Responsab,

Mèsi pou fleksibilite e konpreyansyon ou kòm nou kontinye apwòch adaptif e sansib nou yo pou re-ouvèti ane eskolè 2020-21 an. Daprè done aktyèl nou tire nan rezilta sondaj paran an, genyen yon preferans pou yon modèl enstriksyon vityèl etabli/estriktire kote elèv pral rete anwole nan lekòl ke yo vle a pou ane eskolè 2020-2021 an (enkli opsyon chwa parantal/opsyon andeyò lekòl) epi pou yo kapab mentni pwofesè lekòl yo a.

CCPS Classroom Connect (reaktyalizasyon Opsyon 2) se yon opòtinite pou elèv kontinye aprann lakay pandan yo ap rete enskri nan lekòl yo te anwole a. **CCPS Classroom Connect** dezinye pou fanmi ki pa santi yo konfòtab pou voye pitit yo nan lekòl nan moman sa a men anfennkont ki planifye pou ale lekòl la lè sa posib pandan ane eskolè a.

Avèk **CCPS Classroom Connect**:

- Elèv swiv menm orè lekòl la, ni nan fason vityèl ni lakay, menm jan kondisip ki genyen pwofesè CCPS yo fè nan lekòl yo anwole a
- Elèv toujou RETE anwole nan lekòl yo pou ane eskolè 2020-21 e ap kapab fè tranzisyon yon fason fleksib soti nan ansèyman vityèl lakay pou retounen nan edifis lekòl la, oubyen vice versa, nan finisman premye oswa dezyèm ka nan ane eskolè a
- Elèv ki ap fè tranzisyon soti nan **CCPS Classroom Connect** pou retounen nan edifis lekòl la KAPAB genyen pwofesè ki diferan de pwofesè yo te genyen nan *CCPS Classroom Connect* la
- Elèv klas tèmininal yo pral rete anwole epi yo pral gradye nan lekòl segondè pa yo a

Lòt twa opsyon chwa yo rete menm jan: Opsyon 1 (ale lekòl senk jou pa semenn); Opsyon 3 (eCollier Academy modèl fleksib); e Opsyon 4 (edikasyon lakay).

Yo te mete Sondaj paran an ajou pou refilete chanjman ki te nan **Opsyon 2** a ki se soti nan modèl etabli/estriktire eCollier Academy a pou transfere nan **CCPS Classroom Connect**. **Tanpri chèche jwenn sondaj la SI ou ta renmen mete chwa ou ajou pou ane eskolè 2020-21 an apati 7/27 OSWA si ou ponkò te konplete sondaj la: [PARENT SURVEY LINK](#)**

Nou remèsye ou yon lòt fwa pou sipò ou e konpreyansyon ou kòm nou ap ogmante opsyon pou ane eskolè 2020-21 an kòm sitiasyon sa a kontinye devlope detanzantan. Nou la pou ofri sipò pou ou pran desizyon ki pi bon pou pitit ou a, e nou konnen ke pa genyen opsyon ki “pi bon” pou tout moun. Si ou genyen kesyon, tanpri kontakte reopening@collierschools.com. Si ou genyen kesyon espesifik sou opsyon enstriksyonèl yo, tanpri kontakte teachingandlearning@collierschools.com